



SpeakUp™

## Evite Erè nan Swen Pitit Ou a

*Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.*

### **Ki jan ou ka ede anpeche pitit ou a pran yon enfeksyon?**

Raple founisè swen yo pou yo lave oswa netwaye men yo anvan yo manyen pitit ou a. Lave men ede anpeche enfeksyon. Si yo mete gan, raple founisè swen yo pou yo mete gan pwòp lè yo ap fè travay tankou pran san oswa manyen blesi. Pandan w nan biwo founisè swen an oswa lopital la, lave oswa netwaye men pa w anvan w manyen pitit ou a.

### **Kisa ou ka fè pou prepare w pou vizit pitit ou a nan biwo founisè swen oswa lopital la?**

Li itil pou ekri enfòmasyon annapre yo:

- Istwa medikal pitit ou a. Mete ladan yo vaksen, alèji, pwoblèm sante aktyèl yo, ak dat nenpòt operasyon ak vizit lopital.
- Lis medikaman pitit ou a. Mete ladann medikaman sou preskripsyon ak medikaman san preskripsyon, vitamin, ak remèd fèy. Asire ke w ou mete ki kantite pitit ou a pran.
- Kesyon jeneral ou genyen sou sante pitit ou a.

Pataje enfòmasyon sa yo ak founisè swen pitit ou a.

### **Kisa ou ta dwe mande founisè swen ou yo?**

Jwenn enfòmasyon sou tout tès ak tretman pou maladi oswa blesi pitit ou a. Mande kijan yon tretman pral ede pitit ou a. Konprann ke plis tès oswa tretman pa toujou pi bon pou pitit ou a.

### **E si w pa konprann sa founisè swen w lan ap di?**

Di founisè swen w lan ke w pa konprann. Poze plis kesyon. Lè w poze kesyon w ap ede founisè swen an konprann sa w bezwen. Di founisè swen ou an si w bezwen yon moun ki pale lang ou.

### **Kontakte founisè swen pitit ou a si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.**

*©The Joint Commission (Komisyon miks la) | Yo ka kopye epi distribye | Department of Corporate Communications (Depatman komunikasyon antrepriz)*